

Demann pou yon Revizyon sou Dosye Premye Nivo pou Peman Tranzitwa oswa Peman Sipò Eksedantè Kimilatif

Li enfòmasyon ak enstriksyon ki atache yo anvan w ranpli fòm sa a.

Ou ka mande yon revizyon biwo premye nivo si ou kwè yo dwe ou lajan nan yon peman tranzitwa pansyon pou timoun, oswa si ou kwè distri sèvis sosyal la (distri) te kenbe plis pansyon pou timoun pase ou te resevwa nan Asistans Tanporè (Temporary Assistance, TA) a.

Seksyon A – Enfòmasyon ou

Non: _____ SSN oswa ITIN: _____

Adrès Pòstal Aktyèl: _____

Nimewo Telefòn: _____ Nimewo Idantifikasyon Kliyan
(Client Identification Number, CIN): _____

Nimewo Ka Asistans Tanporè (yo) (TA CAN[s]): _____

Idantifyan Dosye New York (yo) (Nimewo Kont Pansyon Alimantè pou Timoun [yo]): _____
(Si gen plis pase youn, tanpri fè lis tout.)

Seksyon B – Kalite Demann

- Mwen ap mande yon revizyon sou dosye premye nivo
- Mwen ap mande yon konferans ak Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a ak yon revizyon sou dosye premye nivo.
- Pi bon lè pou yo kontakte mwen se: a.m. p.m.

Pou Itilizasyon Ajans lan Sèlman: Konferans k ap fèt nan: _____ Nòt nan Dokiman Jounal la? Wi. Non

Seksyon C – Kalite Revizyon

Mwen ap mande yon revizyon sou dosye premye nivo nan yon:

- Peman tranzitwa – Tcheke kazye sa a si w kwè yo dwe w lajan nan yon peman tranzitwa pou peryòd tan _____ (mwa/ane) rive _____ (mwa/ane).

Peman tranzitwa yo se yon montan ki rive jiska:

- 100.00 dola pou chak mwa nan pansyon alimantè aktyèl yo kolekte oswa jiska montan obligasyon pansyon alimantè aktyèl la, kèlkeswa sa ki mwens lan, pou yon fwaye ki gen yon moun ki poko gen 21 ane aktif sou ka TA; oswa
- 200.00 dola pou chak mwa nan pansyon alimantè aktyèl yo kolekte oswa jiska montan obligasyon pansyon alimantè aktyèl la, kèlkeswa sa ki mwens lan, pou yon fwaye ki gen de moun oswa plis ki poko gen 21 ane aktif sou ka TA.

Peryòd tan pou yon revizyon sou dosye pou peman tranzitwa limite a ane sivil nan mwa demann lan te fèt la ak ane sivil anvan an, epi sèlman pou mwa yo ki te gen yon atribisyon dwa sipò ki te anvigè. Sa vle di, revizyon sou dosye a ka, o maksimòm, remoute sèlman nan mwa janvyè nan ane sivil anvan an.

- Peman sipò eksedantè Kimilatif – Tcheke kazye sa a si w kwè distri a te kenbe plis pansyon pou timoun pase sa ou te resevwa nan TA.

Peryòd tan pou revizyon sou dosye peman sipò eksedantè kimilatif gen ladan tout tan ou te resevwa TA. Peryòd revizyon sou dosye a pral kòmanse nan premye dat ou te resevwa TA epi fini dènye mwa distri a te kenbe pansyon alimantè pou timoun lan.

Mwen ap mande yon revizyon sou dosye premye nivo paske: (tache dokiman adisyonèl si sa nesèsè)

Ou ka mete dokiman pou sipòte rezon pou demann revizyon sou dosye w la.

Èske w ap tache nenpòt dokiman? Wi. Non

Seksyon D – Siyati ak Dat

Fòmilè sa a te konplete ak soumèt pa:

Siyen la

Ekri Non Ou An Lèt Detache

Dat

Retounen Fòmilè sa a bay Inite Koleksyon Pansyon Alimantè a nan konte ki jere kont pansyon pou timoun ou an. Gade enstriksyon ki atache a pou plis enfòmasyon.